# SANLÍQ TUWRALÍ TÚSINIK HÁM QATARLÍQ SANLÍQ TEMASÍNDA SABAQTÍ REJELESTIRIW.

**Taumuratova Shiyrinxan Komekboyevna**
*Qaroqolpog'iston Respublikasi Qo'n'g'irot tumani*
*3-umumta'lim maktabi qaroqolpoq tili fani o'qituvchisi*

**Annotatsiya**: Bul maqalada "Sanlıq tuwralı túsinik hám qatarlıq sanlıq temasında sabaqtı rejelestiriw" temasın pánler arasındaǵı baylanıstı kúsheytiw máqsetinde, oqıtıwshınıń oqıwshı jasına say temanı durıs rejelestiriw qaǵıydaların úyreniw tolıq kórsetilgen.

Sabaq sıpatı ayrıqsha nátiyjelerge erisiw ushın , sabaqtıń maqseti hám mazmunına ayrıqsha áhmiyet beriledi. Sabaqtıń tiykarın quraytuǵın metodlardı tańlaw usılları berilgen hám tema tiykarında metodlar qollanılǵan. Bunnan basqa sabaqtıń basqa tarawlar menen baylanısı áhmiyetke iye. Bul jerde pánler ara baylanıs anıqlastırılıp berilgen. Bul metodikalıq usınısta kórsetilgen metodlar 6-klass oqıwshılarına sáykeslendirip jazılǵan.

**Gilt sózler:** tálim metodları,toparlarda jumıs islew, pánler ara baylanıs, "Bumerang" "BBB", bahalaw, ózlestiriw.

**Kirisiw:** Sabaqtı rejelestiriw-kútilgen oqıw nátiyjelerine erisiw máqsetinde oqıw procesine tayarlıq kóriw:tálim metodların tańlaw, tarqatpa materiallar hám oqıw-didaktik qurallar tayarlaw.

Barlıq imkaniyatlardı inabatqa alǵan halda,bir márte dúzilgen rejede ózgerisler bolmawına háreket etiw kerek.

Oqıtıwshı ushın rejelestiriw-sabaq barısın basqarıwda qátelerge jol qoymaw zárúr.

Oqıwshı ushın rejelestiriw berilip atırǵan bilimnen nelerdi kútiw múmkinligi haqqında anıq túsinikke iye bolamız.

Máqsetler: Ne ushın?

Hárbir ótilip atırǵan taza tema aldınnan belgilengen máqsetke ámel etiwi kerek.

• Sanlıq túsinigi, onıń túrleri,búgingi sabaqta rejege tiykarlanıp qatarlıq sanlıqtı da úyreniw kerek.

• Bilim beriwshilik: Oqıwshılarǵa sanlıq sóz shaqabı hám onıń túrleri haqqında túsinik beriw hám qollanılıw ózgesheligin úyretiw. Oqıwshılarda tema boyınsha bilim hám kónlikpelerdi payda etiw;

• Tárbiyalılıq: Jańa bilim beriw barısında oqıwshılardı watanǵa hám ana tábiyatqa súyiwshilik, onı qásterlewge, ana tilimizge húrmet ruwxında tárbiyalawǵa hám óz ana tilinde durıs hám qátesiz jazıwǵa úyretiw;

Rawajlandırıwshılıq: Oqıwshılardıń oy-órisin, sóylew mádeniyatın hám jazba sawatlılıǵın rawajlandırıw, shaqqanlıqqa, doslıqqa hám pikirin erkin ayta alıwǵa hám tekst penen islesiwge úyretiw.

Maqset: Ne ?

Belgilengen oqıw máqsetlerine muwapıq ráwishte berilgen bilimler temanıń mazmunın belgileydi.Bul jerde kerekli dáslepki bilimlerin hám basqa búgingi temaǵa say tapsırmalardı orınlaw ushın kerekli arnawlı metodlardan paydalanıp,olardı ámelde qollanıwdı úyreniw.

Zattıń sanın, shamasın, qatar tártibin, bólsheklerin bildiretuǵın sózler sanlıq dep ataladı.

Sanlıq - Neshe? Neshinshi? Neshew? Qansha? Qanshadan? Degen sorawlarǵa juwap beredi. Zattıń sanın, shamasın, qatar tártibin, bólsheklerin bildiretuǵın sózler sanlıq dep ataladı.

Eger máqset hám mazmunlar anıq bolsa, soǵan sáykes metodlar tańlap alınıwı kerek hám olar sol máqset hám mazmundı sáwlelendiretuǵın nátiyjege erisiw kerek.Bul jerde “dástúriy” hám “interaktiv” metodlar oqıtıwshı tárepinen tańlap alınadı hám qollanıladı.“

Toparlarda jumıs islew", "BBB"metodı, "Bumerang" texnologiyası)Bul qollanılǵan metodlardan sabaqtıń mazmunı ashıp beriledi.

Mısalı, hár qıylı tarawlarǵa baylanıslı súwretlerdi shıǵarıp oqıwshılarǵa tarqatpa materiallar túrinde bersek, oqıwshılar súwretlerge qarap sanlıq tuwralı mısallar keltirip ótse maqsetke muwapıq boladı. Bul usıl baslısı, temanıń basqa tarawlar menen pánler ara baylanısın, oqıwshılardıń oylaw qábiletin ,qızıǵıwshılıǵın kúsheytedi.Oqıwshılar óz ústinde kóbirek izleniwin támiynleydi. Súwret-bul úlgerimi tómen bolǵan oqıwshınıń da qızıwshılıǵın oyatıp,barlıq oqıwshılardıń belsendiligine alıp keledi.

Bul sabaǵımız kóp tarawlar menen ádebiyat,matematika, tariyx, medicina tarawları menen baylanıstırsaq boladı Mısalı:

1. Eki nárse meniń menen dos emes,
Eki nárse oshaǵımdı kósemes,
Biri-onıń xalıq aldanǵan ótirik,
Ekinshisi-sóyley beriw kópirip. (K.R)




1955-jıldıń 15-noyabrinde Sankt-Peterburgta, 1960-jılı Kievte, 1966-jılı Tbiliside, 1967-jılı Bakude, keyinirek Xarkovte, Novosibirskiyde jer astı jolları iske tústi

2.




200+200=400; 10*10=100; 200:10=20; h.t.b

3.



Azanda erte turıp bir stakan limonlı suw ishiw insan densawlıǵına paydalı.



Shıpaker nawqastıń eki búyreginde kórikten ótkerdi.

**JUWMAQ.**

Mine joqarıdağı mısallardan sanlıqtıń qaysıtema menen baylanıslığın biliwge boladı. Sonday aq sanlıqlardı úyreniw sharwashılıq, diyxanshılıq hám balıqshılıq kásiplerinde de qollanıladı.

Bahalaw-tálim sistemasınıń málim basqıshında oqıw maqsetlerine eriskenlik dárejesin aldınnan belgilengen kriteriyalar tiykarında ólshew,nátiyjelerin anıqlaw hám talqılawdan ibarat basqısh esaplanadı.

Bahalaw nátiyjesinde túsinik hám altın qağıydalardıń qaysı biri qıyın, qaysı biri ańsat ózlestiriwi belgili boladı.

Ne ushın bahalaw kerek ?

.Oqıwshınıń maqsetlerge eriskenligin anıqlaw ushın ,

.Keyingi basqıshqa ótiwden aldın aldıńğı ózlestiriw dárejesin anıqlaw ushın, .Nátiyjege eriskenligin tastıyıqlaw ushın,

. Oqıwshınıń qızıǵıwların, jetiskenlik hám kemshiliklerin anıqlaw ushın, Neni bahalaw kerek ?

. Názeriy hám ámeliy bilimlerin, . Minez-qulqı hám jeke páziyletlerin.

Sabaq barısında temaǵa sáykes ráwishte aldınnan tayarlanǵan tarqatpa materiallar oqıtıwshılarǵa tarqatılıwı tiyis. Bul oqıw procesi sabaq alıp barıwdı jeńillestiredi. Biraq temaǵa kirispey turıp tarqatpa materiallar tarqatılmaydı. Álbette, sabaq basqıshlarında zamanagóy tálim qurallarınan ónimli paydalanıwımız tiyis.

Bunnan tısqarı qayta baylanıstıń da támiynleniwine alıp keledi. Toparlarda islesiw ásirese bekkemlew basqıshında máqsetke muwapıq boladı. Paydalanǵan metodlarıńız oqıwshılardıń temanı qanday dárejede ózlestirgenin kórsetip beredi

**Paydalanǵan ádebiyatlar**

1. Qaraqalpaq tili (Oqıw basqa tillerde alıp barılatuǵın 6-klaslar ushın sabaqlıq) A.Dáwletov, A.Nauruzbaeva, A.Ótemisov, Z.Ayjanova.
2. “Kasbiy pedagogika” blokini óqitish metodikasi. Toshkent-2007.